ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№50 (21.958) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Унэж К. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиI и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхуфа**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ Iэщ1агъэлIхэр гъэкъэзырым къаруушуэ зэрырихьлIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэу зэрыщылажьэм, щIэбзэрегъэзэныгъэ зыдэжьымрэ къаруушуэ зэрырахьлIэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм гъатхэпэм и 18-м*
*№ 30-УП*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэ льапIэхэр фIэщыным и Iуэхуфа**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэу зэрыщылажьэм, щIэбзэрегъэзэныгъэ зыдэжьымрэ къаруушуэ зэрырахьлIэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыбгъэдэкIуу фIыщIэ яхуэзщIын:

**Абазэ Юрэ Владимир и къуэм** - Тэрч муниципальнэ районым щыщ «Дей къуажэ жылагъуэм Къанкъуэщ А. Т. и цIэр зэрихьу зэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм физкультурэмкIэ и егъэджакIуэм

**Бозиев Алим Ахьмот и къуэм** - Шэрэдж муниципальнэ районым щыI «Бабугент къуажэм и курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым егъэджакIуэ-тIэкIэныгъэ-гъэсэныгъэ зэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм

**Жеттеев Маринэ Зашау и пхъу** - Iуащхэмахуэ муниципальнэ районым щыI «Тырныауз къалэм и лицей №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр зэкIуалIэ и къудамэм и гъэсакIуэм

**Зенковэ Елен Яков и пхъум** - Налшык къалэ округым щыI «Гимназие №13» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и пщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ

**Леваневэ Татьянэ Дмитрий и пхъум** - Дзэкъуэгъэ муниципальнэ районым щыI «Светловодскэ къуажэ жылагъуэм и курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

**Мэкъуауэ Мариянэ Анатолий и пхъум** - Лэскэн муниципальнэ районым щыI «Анзорей къуажэ жылагъуэм и курыт школ №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм математикэмкIэ и егъэджакIуэм

**Полухин Татьянэ Василий и пхъум** - Прохладнэ муниципальнэ районым щыI «Сабийкэм я творческэмкIэ районыгъэ центр» сабийхэм щIэныгъэ гъэдэзи щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым

**Тхьэмадокъуэ Лалуэ Мусэ и пхъум** - Бахьсэн муниципальнэ районым щыI «Куба къуажэ жылагъуэм и курыт еджапIэ №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым щIэныгъэ-методикэ лэжьыгъэмкIэ и къудзэм

**Хъмыкыуэ Маринэ Алий и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт интернат школ №3» республикэ къэрал Iуэхущ1апIэм химиемкIэ и егъэджакIуэм

**Шыбзыкъуэ Ритэ Хьусен и пхъум** - Бахьсэн къалэ округым щыI «Курыт школ №5» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм математикэмкIэ и егъэджакIуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм гъатхэпэм и 23-м*
*№31-УП*

**Зыхуэфащэхэр гъэпэжьным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

*2011 гъэм гъатхэпэм и 21-м* *№12-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм икIи щIэбгъэ гъэсэныгъэ егъэджэныгъэ къаруушуэ зэрырахьлIам папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыбгъэдэкIуу фIыщIэ яхуэзщIын:

**Абазэ Юрэ Владимир и къуэм** - Тэрч муниципальнэ районым щыщ «Дей къуажэ жылагъуэм Къанкъуэщ А. Т. и цIэр зэрихьу зэт курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым

**Бозиев Алим Ахьмот и къуэм** - Шэрэдж муниципальнэ районым щыI «Бабугент къуажэм и курыт школ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ зэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм

**Жеттеевэ Маринэ Зашау и пхъу** - Iуащхэмахуэ муниципальнэ районым щыI «Тырныауз къалэм и лицей №1» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр зэкIуалIэ и къудамэм и гъэсакIуэм

**Зенковэ Еленэ Яковэ и пхъум** - Налшык къалэ округым щыI «Гимназие №13» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и пщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм гъатхэпэм и 21-м*
*№31-УП*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм хиубыдэ «Правительствэ сыхьэтым» депутатхэр щеджэуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я Iуэхукlэ» КЪБР-м и законымрэ «КЪБР-м зэзыгъэжьыр судэхэм яхуэлажьэ юстицэм зыщегъэужьыным и Iуэхукlэ» республикэ программэмрэ (2010 - 2012) зэрыщагъэзащIэ щыхьэм, Абы теухуауэ къэпсэльащ республикэм Э зэзыгъэжьыр судэхэм я лэжьыгъэр къыдэгъэпэщыныкIэ Iэнатlэм и унафэщI Мэшыкъуэ Хьэчим.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я Iуэхуиф» -Суд участкэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я кIуэлыкIуэхэмрэ я Iуэхукlэ» законэм ябгъ яткIэ республикэм суд участкэ 46-рэ, зэзыгъэжьыр судьяхэм я кIуэлыкIуэхуэу 46-рэ къыщыдэзрагъэпэщащ. Ахэр хоплъэ уголовнэ Iуэхуэхэм я процент 31-м, граждан Iуэхуэхэм я процент 83-м, административ Iуэхуэхэм я процент 83-м.

Зэзыгъэжьыр судьяхэм нэхъ тыншу ящIащ федеральнэ судэхэм я лэжьыгъэр. Ауэ, Мэшыкъуэ Хьэчим зэрыжиIамкIэ, зэхьэлъэ Iуэхуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэжьыр, езы зэзыгъэжьыр судьяхэм я лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ хъащ.

Мы Iэнатlэр къызэрыгъэгъэпэщрэ абы щIэзэхагъэкI Iуэхуэхэм зэпымыууэ хохьэу. Республикэм и зэзыгъэжьыр дэтхэнэ судьяри зы мазэм ныу яту Iуэхуэ 121-м хэпIэн хуей мэхъу. Апхуэдэ щытыкIэм ягъэльахьшэ къащтэ унафэхэм я фIагьыр. Мэшыкъуэ Хьэчим къызэхуэсахэм гу лъарегъэтащ зэзыгъэжьыр судьяхэм я лэжьыгъэр мыльку-кIэ щIэтъэбыдэн и лъэныкъуэкIи гурыуехьэхэр зэрыщыIэм. Суд щащIэ пэшхэр кIуэмэщIкI. ИпэкIэ эи гурыу тщIа законэм ябгъ яткIэ, куейхэмрэ кьалэхэмрэ я администрацэхэм зэзыгъэжьыр судьяхэм суд щащIэну пэшхэр хухахьи хуейщ. Мэшыкъуэ Хьэчим зэрыжиIамкIэ, зэзыгъэжьыр судьяхэм я хабзэр зыгъэзащIэр Аруан, Iуащхьэмахуэ куейхэм я администрацэхэм я закъуэщ. Налшык къалэмэ и щIыпIэ гуэрхэм апхуэдэ пэшхэр судьяхэм щратащ, ауэ ар мащIэщ. Зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ я нэхъыбэ дыдэр щылажьэр бэрэнэду кьащта, а лэжьыгъэм зыкIи темыгъэпсыхьа пэшхэрщ. Суд участкэхэм я нэхъыбэм суд щащIэну, ягъэхьуаншэхэр щаIыгъыну, архивхэр, зыхэплъэ Iуэхуэ гущIыплIа тхылъхэр щахьумэну пэшхэр яIэкъым. ИщхьэкIэ зи гурыу ящIа республикэ программэр ягъэзащIэным зыхуеинчу хуэдиз мыльку зэрыхухахмыхьи кьыхэжьыу, Iуэху куэд зэфIагъэкIыфакьым. Псальэм и хьэтыркIэ, унэхэр зыхуей хуэгъэзэным, шынагъэншагъэр кьыззэгъэпэщыныр трагъэжьуэдар сом мелуанэ 5-кIуэдейщ. Апхуэдэ щхьэусыгуэкIэ яхуэгъэзащIкъым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ судымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судэхэмрэ я лэжьыгъэр зыхуэдэр зрагъэщIну цIыхухэм Iэмал етIыным и Iуэхукlэ» ЗакономкIи щыубзыхуахэр. Мыпхуэдэ лъэпкъщхьэпкъэр Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэми щыI, зэзыгъэжьыр судэхэм я лэжьыгъэр иджыри зэфIэувэ кьудейуэ зэрыщытым кьыхэжьыгъ.

Президиумым хэтхэр жьыдэжу тепсэльыхьащ «правительствэ сыхьэтым» кьыщаIэта Iуэхуэ. Абыхэм кьыхэгъэщхьэхукIащ цIыхухэм я хуитныгъэхэр яхьумэн папщIэ зэзыгъэжьыр судьяхэм мыхьэнэ ин зиIэ кьаIэнкэр зэрагъэзащIэр. Абыхэм лэжьэн зэрыщIадзэрэ цIыхухэм я Iуэхур нэхъ псынщIэу зэфIах хуащ, федеральнэ судэхэм я кьалэхэмрэ ящIащ Iыхьэ щыхьэ щхьащхьащ.

Президиумым унафэ кьыщтащ зытепсэльыхьа Iуэхум теухуауэ. Псальэм папщIэ, КЪБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ мы Iуэхум хуэгъэза республикэ программэр ягъэзащIэным ирикIыну ахващ яхуиутIыпщыну, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр щызэхалъхьэжьэ зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ абыхэм я Iуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьыгъэр, зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ суд участкэхэмрэ я шынагъэншагъэр кьыззэрагъэпэщын зэрыхуейр кьалъытэну.

«Правительствэ сыхьэтым» кьыркIуэжьащ щызэхилъхьэжьым, КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и зэзыгъэжьыр судэхэм я пщIэм кьалэнэшхьэ дыдэ зэрыдэлъыр, ахэр зэрыщIадзэрэ Урысейм и фIагьым, щыхуэхэм суд Iэнатlэм и мызакъуэу, зэрыщыту къэрал властым дзыхь зэрыхуащIыр куэдкIэ зэрелытар. Абы кьыхэжьыу зэIущIэм кьыщIэта кьалэнэхэр зэфIэжьыным вычыжьэшхэу иIэщ.

**БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.**

**●Дыгуасэ**

**Гуфlэгъуэ зэхьхьэр щекIуэкIым.**
*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Егъэджакlуэхэм я пщIэр яIэт

**Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ щызэхуащIыжащ Егъэджакlуэм и илъэсыр. Республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэр щагъэлъэпIа зэIущIэм кьырихьэлIащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр, министрхэр, депутатхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.**

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** республикэм и егъэджэныгъэ ухуэжIэм и Iуэху зытетым, а Iэнатlэм пэрытхэм я ехъулIэныгъэхэм кIэщIу тепсэлъыхьа нэужь, псалъэ иритащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**. Президентым жиIащ цIыхур лъэбыдэкIэ гъащIэм хэувэн папщIэ щIэныгъэ егъэгъуэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, а Iэнатlэм пэрытхэм жэуапльныгъэшхуэ я пщIэ кьызэрыдэхуэр. А кьалэныр нэсу зыгъэзащIэ егъэджакIуэхэр ди лъахэм зэримымащIэр жиIэри, Къанокъуэ Арсен абыхэм хуэуэхуэкIэ захуигъэзащ.

Гуфlэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIауэ екIуэкIа зэIущIэм щIыхь тхыльхэр, цIэ, дамыгъэ льапIэхэр хуагъэфэщащ зи зэфIэкIкIэ нэхъ Iэзэ, зэчий зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэм, республикэ, урысейпсо, щIыналъэ зэпеуэхэм пашэныгъэ кьыщIыхьэ лэжьакIуэ жыджэрэм.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ пажэхэм.

Гуфlэгъуэ зэхьхьэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и кIыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**●КъБР-м и Парламентым и Президиумым**

# ЦIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкI

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм хиубыдэ «Правительствэ сыхьэтым» депутатхэр щеджэуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я Iуэхукlэ» КЪБР-м и законымрэ «КЪБР-м зэзыгъэжьыр судэхэм яхуэлажьэ юстицэм зыщегъэужьыным и Iуэхукlэ» республикэ программэмрэ (2010 - 2012) зэрыщагъэзащIэ щыхьэм, Абы теухуауэ кьэпсэльащ республикэм Э зэзыгъэжьыр судэхэм я лэжьыгъэр кьыдэгъэпэщыныкIэ Iэнатlэм и унафэщI Мэшыкъуэ Хьэчим.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я Iуэхуиф» -Суд участкэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судьяхэм я кIуэлыкIуэхэмрэ я Iуэхукlэ» законэм ябгъ яткIэ республикэм суд участкэ 46-рэ, зэзыгъэжьыр судьяхэм я кIуэлыкIуэхуэу 46-рэ къыщыдэзрагъэпэщащ. Ахэр хоплъэ уголовнэ Iуэхуэхэм я процент 31-м, граждан Iуэхуэхэм я процент 83-м, административ Iуэхуэхэм я процент 83-м.

Зэзыгъэжьыр судьяхэм нэхъ тыншу ящIащ федеральнэ судэхэм я лэжьыгъэр. Ауэ, Мэшыкъуэ Хьэчим зэрыжиIамкIэ, зэхьэлъэ Iуэхуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэжьыр, езы зэзыгъэжьыр судьяхэм я лэжьыгъэр нэхъ хьэлъэ хъащ.

Мы Iэнатlэр кьызэрыгъэгъэпэщрэ абы щIэзэхагъэкI Iуэхуэхэм зэпымыууэ хохьэу. Республикэм и зэзыгъэжьыр дэтхэнэ судьяри зы мазэм ныу яту Iуэхуэ 121-м хэпIэн хуей мэхъу. Апхуэдэ щытыкIэм ягъэльахьшэ къащтэ унафэхэм я фIагьыр. Мэшыкъуэ Хьэчим кьызэхуэсахэм гу лъарегъэтащ зэзыгъэжьыр судьяхэм я лэжьыгъэр мыльку-кIэ щIэтъэбыдэн и лъэныкъуэкIи гурыуехьэхэр зэрыщыIэм. Суд щащIэ пэшхэр кьоIэмэщIкI. ИпэкIэ эи гурыу тщIа законэм ябгъ яткIэ, куейхэмрэ кьалэхэмрэ я администрацэхэм зэзыгъэжьыр судьяхэм суд щащIэну пэшхэр хухахьи хуейщ. Мэшыкъуэ Хьэчим зэрыжиIамкIэ, зэзыгъэжьыр судьяхэм я хабзэр зыгъэзащIэр Аруан, Iуащхьэмахуэ куейхэм я администрацэхэм я закъуэщ. Налшык къалэмэ и щIыпIэ гуэрхэм апхуэдэ пэшхэр судьяхэм щратащ, ауэ ар мащIэщ. Зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ абыхэм я лэжьакIуэхэмрэ я нэхъыбэ дыдэр щылажьэр бэрэнэду кьащта, а лэжьыгъэм зыкIи темыгъэпсыхьа пэшхэрщ. Суд участкэхэм я нэхъыбэм суд щащIэну, ягъэхьуаншэхэр щаIыгъыну, архивхэр, зыхэплъэ Iуэхуэ гущIыплIа тхылъхэр щахьумэну пэшхэр яIэкъым. ИщхьэкIэ зи гурыу ящIа республикэ программэр ягъэзащIэным зыхуеинчу хуэдиз мыльку зэрыхухахмыхьи кьыхэжьыу, Iуэху куэд зэфIагъэкIыфакьым. Псальэм и хьэтыркIэ, унэхэр зыхуей хуэгъэзэным, шынагъэншагъэр кьыззэгъэпэщыныр трагъэжьуэдар сом мелуанэ 5-кIуэдейщ. Апхуэдэ щхьэусыгуэкIэ яхуэгъэзащIкъым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ судымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэжьыр судэхэмрэ я лэжьыгъэр зыхуэдэр зрагъэщIну цIыхухэм я Iуэхур нэхъ псынщIэу зэфIах хуащ, федеральнэ судэхэм я кьалэхэмрэ ящIащ Iыхьэ щыхьэ щхьащхьащ.

Президиумым унафэ кьыщтащ зытепсэльыхьа Iуэхум теухуауэ. Псальэм папщIэ, КЪБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ мы Iуэхум хуэгъэза республикэ программэр ягъэзащIэным ирикIыну ахващ яхуиутIыпщыну, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр щызэхалъхьэжьэ зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ абыхэм я Iуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьыгъэр, зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ суд участкэхэмрэ я шынагъэншагъэр кьыззэрагъэпэщын зэрыхуейр кьалъытэну.

«Правительствэ сыхьэтым» кьыркIуэжьащ щызэхилъхьэжьым, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и зэзыгъэжьыр судэхэм я пщIэм щыщ «Сабийкэм я творческэмкIэ районыгъэ центр» сабийхэм я фIагьым, щыхуэхэм суд Iэнатlэм и мызакъуэу, зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ суд я кьалэхэмрэ зэрыщIадзэрэ, ахэр зэрыщIадзэрэ, зэрагъэпэщыжащ, апхуэдэу зыгъэзащIэ суд участкэхэмрэ я шынагъэншагъэр кьыззэрагъэпэщын зэрыхуейр кьалъытэну.

«Правительствэ сыхьэтым» кьыркIуэжьащ щызэхилъхьэжьым, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и зэзыгъэжьыр судэхэм я пщIэм щыщ «Сабийкэм я творческэмкIэ районыгъэ центр» сабийхэм я фIагьым, щыхуэхэм суд Iэнатlэм и мызакъуэу, зэзыгъэжьыр судьяхэмрэ суд я кьалэхэмрэ зэрыщIадзэрэ, ахэр зэрыщIадзэрэ, зэрагъэпэщыжащ, апхуэдэу зыгъэзащIэ суд участкэхэмрэ я шынагъэншагъэр кьыззэрагъэпэщын зэрыхуейр кьалъытэну.

**БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.**

**●Шэджэм куей**

# Дохутырхэр яхурокъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и фондым щыщу нэгъабэ и дыгъэгъазэм хухаха сом зы мелуаныкIэ Яныкьуэм кьуажэм и амбулаторэр зэрагъэпэщыщ.**

АПХУЭДЭУфедеральнэ программэ хэхахэм зэрыщыубзыхуам тету, цIыхухэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэным Iуэгъэза Iуэхугъуэ зэхэтхэр районым щагъэзащIэ. Шэджэм куейм зэпымыууэ щылажьэ и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм нэгъабэ сымаджэ 7915-м щеIэзащ.

Район администрацэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Дышэкl Зухра кьызэрыджиIамкIэ, профилактикэ щащI, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ пэщIэдзэ Iэнатlэхэм я лэжьакIэм хэхауэ кIэльполъ. Куей сымаджэщым зи псантхуэр кьызэуухэм папщIэ гуэхыпытIи 10, эндокринологиэ узыпсэ зиIэхэм щыхьэкIэ 5 щагъэуващ. Нартан къуажэ сымаджэщым сабии 6-м, Зеведнэ поселкэм 4-м зэуэ щеIэзэну пэшхэр кьыщыззэIуахащ. Медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я мылъку-техникэ гъабжьэр ирагъэфIакIуэ. Нартан, Шэджэм Ищхьэрэ жылагъуэхэм я сымаджэщхэм я сабий кьудамэхэр зэрагъэпэщыжащ, апэм сом зы мелуанрэ мин 400-рэ, етIуанэм мин 760-рэ халъхьащ.

«Узынщагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, лъхуугъэ сертификатхэм хухаха мылькумкIэ сом мин 669-рэ и уасэ Iэмэпсымэхэр, уIэгъэпхъ лIэужьыгъуэхэм хуэдэу мини 138-м, хущхъуэхэкIуу сом мин 542-м хуэзэ кьащхэращ.

**Гу зылъытапхъэ:** ЩакIэлъыплъ, профилактикэ щащI медицинэ Iуэхущ1апIэ щыщIу Iуэгъу куейм щолажьэ. Апхуэдэщ цIыху 260-м зэуэ щеIэзэ районым сымаджэщыр, зы сменэм сымаджэ 250-рэ щызэфIэкIа и поликлиникэр, Шэджэм Ищхьэрэ, Нартан къуажэхэм гъуэльпIэ 20, 25-рэ зиIэ поликлиникэхэр зыхэт я сымаджэщхэр, зы махуэм кьрифыдзу цIыху 257-рэ зэкIуалIэ и амбулаторэу 8-р.

Куейр дохутырхэмкIэ процент 99-кIэ зэхурокъу.

**КЪУЭНЫКЪУЕЙ Борис.**

**●Прохладнэ куей**

**Прохладнэ куейм ЩIалэгъуалэ администрацэ кьыщызэгъэпэщыным ехьэлIа проектыр гъэзэщIэн щIадзэ. Абы щылажьэну нэхьыбыщIэхэр зэпеуэкIэ кьыхахынущ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ я зэфIэкI щагъэльэгъэнущ студентхэмрэ класс нэхъыжьхэм щеджэхэмрэ. Куейм и кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ псэуныгъэ-экономикэ я льэныкъуэкIэ зэгъэужьным хуэунэмIу зэрилъэ яIэ Iуэху епльыкIэхэр кьыхэщу абыхэм сочиненэ ятхын хуейщ.

Зэпеуэр Iыхьитlу гуэшауэ щытынущ. Ятпэм щытекIуэхэм кьыщытакIуэ комиссэм кьыщепсэльылIэнущ, я зэфIэкI эдынэсыр зрагъэщIэнущ. А дерсхэм я ужькIэщ ЩIалэгъуалэ администрацэм реакционнэ турист щыпIэхэр 7 мэхъу. Абыхэм я дэтхэнэ зыри иджырей дунейпсо мардэхэм тету кьагъэщIэрэщIэнущ

Урысей Федерацэм и кьалащхьэм щрагъэкIуэнэ выставкэм и мыхьэнэ нэхьыщхьэр кьэралым и щIыналъэ псоми цIыхубзм я зыплъыхьпIэ, зы-гъэпсэхупIэ, я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ я уху эныгъэ нэхьыбэ щегъэжьэныныр, нобэкIэ щыIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр, АбыкIэ сэбэпышхэу хъунущ турист бизнесым зегъэужьыным теухуауэ кьыщалъхьа федеральнэ программэр. Урысейм и Правительствэм ищIа унафэм тету, а программэр убгъуауэ щагъэльэгъунущ КИФЩI-м и щIыналъэ псоми. Программэм кьызэщIиубыдэну щыпIэ нэхьыщхьэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ зы щыгум дэкI кIапсэ гъуэгуэхэр. Ижьырей и ещанэ Iыхьэм и ухуэныгъэр зэфIэкIмэ, лыжэ спортым дыхьэхэр километри 4 зи льагъэ «Гара Баран» станцым нэсыкIэ дэкIыфынущ. ИджыпстукIэ иужь итщ мы Iуэхум УФ-м и Инвестфондым и мылъку кьыхэгъэльэхьэным.

**ЛЬОСТЭН Музэ.**

**●Прохладнэ куей**

# Жылагъуэм зегъэужьыным хуэлэжьэнуэр къыхах

хэтыныхэр щагъэбелджылынур.

Фызэрыщыгъуаззщи, нобэ ди республикэм купщIафIэу щолажьэ ЩIалэгъуалэ парламентымрэ правительствэмрэ. Шэч хэлъкъым ЩIалэгъуалэ администрацэхэри абыхэм я щапхъэм зэрырикIуэнум.

**ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.**

**●Гъэтхэгъуэныгъэхэр**

# Дунейпсо мардэм тету

**Гъатхэпэм и 12 - 15-хэм Москва щекIуэкIащ турист бизнесым ехьэлIа урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щигъэльэгъуащ 2008 - 2013 гъэхэм кьриубыдзу турист Iуэхум зегъэужьыным ехьэлIауэ ди щIыналъэм нобэ иIэ зэфIэкIкIэмрэ ехьулIэныгъэхэмрэ я щыщыкьа зэпыуныкIэхэр. Кьашэ, Кавказ Ищхьэрэм къэралпсо мыхьэнэ зиIэн хуейуэ кьыщагъэльэгъуа рекламэ турист щыпIэхэр 7 мэхъу. Абыхэм я дэтхэнэ зыри иджырей дунейпсо мардэхэм тету кьагъэщIэрэщIэнущ

**●Псапэ**

# Тыгъэ хуащI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым илъэс етIуанэ хуауэ ирегъэкIуэкI сабии 6 нэхъыбэ зэрыс бынунагъэужьхуэхэм ядэIэпыкъуным ехьэлIа псапащIэ Iуэху.**

АПХУЭДЭХЭМэм кьаш тыгъэ хуащI, дэтхэнэ зы сабиймкIи гъэшым нэхъ шыныгъуэ кьэуатрэ сэбэнрэ зэрыщымыIэр кьалъытэри. Илъэс кIуам фондым ирагъэ Iуэ 29-м зэщIадзэ ЩIалэгъуалэ. Абыхэм мылъкукIэ спонсорхэр кьадоIэпыкъу. Апхуэдэ гулъытэ хуэныкъуэу ди республикэм иджыпстуу ирагъэ Iуэ 46-рэ щопсэу. Мы илъэсыр кьызэрихьэрэ зыпэIэба унагъуэхэм трагъэкIуэда ахъшэмкIэ зыкъыщIагъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэкущ1э зэгухьэныгъэм.

Фигу къэдгъэкIыжьыщ «Бынунагъуэшхуэхэм - жэм кьахэущэхэм» проектыр ягъэлажьэн щыщIадза 2010 гъэм Сабий фондым Псынэдакэ, Зэрэгъыж къуажэхэм дэс бынунагъэшхуэхэм зэрызащIигъэкъуар. Иджы чэзыр Хьэсэней жылагъуэм кьыллъысащ, зыхуэфащэхэм ядэIэпыкъуныщ.

Фондыр иужь итыныщ дызэрыт илъэсым и кIуэцIкIэ унагъуэ нэхъыбэ кьызэрызэщIиубыдэным икIи кьаргъэжьа псапащIэ Iуэхум хэтыну мылъку зыбгъэдэлъ дэтхэнэ зыри кьарагъэблагъэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**АдэкIи зэуэнущ**

**Газэ щIыпIэм кхъухьлатэхэмкIэ еуэу цIыхуий зэрыхэкIуэдам и жэуапу. Палестинэм и боевикхэм Израилым и Беер-Шев. Ащдод кьалэхэм «град» ракетхэр дыгъуасэ ирауты пщащ.**

Журтхэм яутIыпща ракетхэм я зэранкIэ хэкIуадэ боевикыу щыхуи 4-рэ топ дэкIуэ ныбжьыщIэхэм ящыщу 4-рэ. Кхъухьлъатэхэр езым ей пэтми, Израилым и премьер-министр Биньямин Нетаньяхуэ кьэхъуамкIэ игъэхъэшащ ХАМАС зэщIэхъыбеныгъэр.

Иужьрей тхьэмахуэм Газэ секторымрэ Израилымрэ я зэхуущыкIэхэр зэрызэщIэплъам, махуэ хэщ ракетэ 50 хуэдиз журтхэм я щIыналъэм кьызэрыщагъэуэм кьыхэкIыу, политикхэр тепсэлъыхь хъущ Палестинэм аргуэру теуэн зэрыхуейм. Псалъэм папщIэ, Израилым и вице-премьер Шаулэ Мофаз «Коль Исраэль» радиостанцым интервью щритым, жиIащ 2008 - 2009 гъэхэм щыIа зауэм и пэ кьэралыр зэрыта щытыкIэм ноби кьыкуташ, а зауэм аргуэру кьыкальытэ хуейуэ.

**Щхьэусыгуэхэр зэхагъэкI**

**Дыгуасэ Перу къэралыщыб Iуэхуэмкlэ и министерствэр щыхьэ техьэ и лыкIуэхэм щыщ Москва щыIэхэм яз зэрылIам икIи Урысей Федерацэм ар иолъIу я дипломатым и ажалыр къызыхэкIа щхьэусыгуэр къигъэлъэгъуэну. Перум и лыкIуэу Урысейм щыIэ Толедо-Окампэ Мартэ и къулыкъум трагъэкIащ.**

Дыгуасэ Урысейм и хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм Москва псым кьыхахьжат Перум и посольствэм и секретарь Алонсэ Серхио и хьэдэр. Ар мы гъэм и щыщыIэм хьабрыншэу кIуэдауэ щытащ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и лэжьакIуэ Маркин Владимир зэрыжиIамкIэ, Алонсэ Серхио и ажалыр кьызыхэкIа щхьэусыгуэхэр яIэщIу Сильвой Сильвой «Коль Исраэль» радиостанцым интервью щритыу, жиIащ 2008 - 2009 гъэхэм щыIа зауэм и пэ кьэралыр зэрыта щытыкIэм ноби кьыкуташ, а зауэм аргуэру зэрыхуейр хуейуэ.

**Щхьэусыгуэхэр зэхагъэкI**

**Дыгуасэ Перу къэралыщыб Iуэхуэмкlэ и министерствэр щыхьэ техьэ и лыкIуэхэм щыщ Москва щыIэхэм яз зэрылIам икIи Урысей Федерацэм ар иолъIу я дипломатым и ажалыр къызыхэкIа щхьэусыгуэр къигъэлъэгъуэну. Перум и лыкIуэу Урысейм щыIэ Толедо-Окампэ Мартэ и къулыкъум трагъэкIащ.**

Дыгуасэ Урысейм и хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм Москва псым кьыхахьжат Перум и посольствэм и секретарь Алонсэ Серхио и хьэдэр. Ар мы гъэм и щыщыIэм хьабрыншэу кIуэдауэ щытащ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и лэжьакIуэ Маркин Владимир зэрыжиIамкIэ, Алонсэ

Экономикэ Политикэ

# Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

## МЕДВЕДЕВ Дмитрий:

# Іуэхур зэхагъэзэрыхьи хьэжьвакъэжьышхэм мылъкур зралъэфаліи хъунукъым

### Къэралым и Президентыр езыр кіэлъыплъынущ дзэм Іэщэхэр зэрыІэрагъэхьэ щІыкІэм

**ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм и коллегием иджыблагъэ иригъэжьКІа зэІущІэм Медведев Дмитрий генералхэм щахиГъуэщ илъэс гъунэжу дыдэхэм эфІагъэкІыи хуей кьалэнхэр. Дзэзешэ Нэхъыщхьэ жиІам Іэщэхэмкі зыкъзІуэзэныжкі къэрал программэщІэр ягъэзэщІэныи хуабжьу егупсуи хуейуэ.**

- АР ЯГЪЭЗЭЩІЭНЫМ зэи къэмыхъуауэ мылъкуцуэ дыдэ хуаутІыпщынущ - сом трилліон 20-м ирэс. Абы и фІыгъэкІэ 2020 гъэм ирихьэлІэу Іэщэщ1эхэмрэ техникэщІэхэмрэ я Іыхьэр процент 70 и кІэ кІыхьунукъым, - жиІащ Медведев Дмитрий. Абы кІыхьитэщащ Іэщэхэр дзэм зэрэІэрыкъуэм егъэщІэнкІа Іухэхуэм езыр зэрыкІэлъыплъынущ.

- А заказэхм егъэщІыпІауэ зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэхэм ящыщ Іыхьэр яГъэзэщІакъым. Зэман гъунэгъум сэ зэхэзэхьынущ Іуэхур зыбеттар, - кІыгъэгъэщащ Медведевам. - Аужырэ псоми яхурикъунут, ауэ ар яІрохьэ мылъку зэзыльэфаІэну хущІокъуэхэм. Абыхэм я нэхъыбэр дэлъэлхэрщ. Мы Іуэхум хэт псоми быдэу кьагурыІуэн хуейщ: уи пщэ дыдэмкІэ кьалэнкІэ умыгъэзащІэу хъунукъым.

Аднуэдэу ирагъэфІакІуэн хуейщ дзэхэм унафэ зэрыхуащІ щІыкІэр. Медведевым кьалэн яхуигъуащ кьыгтыкъэ щхьэм я армэхэм зэрадолажьэ щІыкІэр ягъэлъэщыну.

Іэщэкіэ 3щІэуэзда Кьаруэхэм я уэхэкІэми зихъуэжьнущ.

- Мы гъэм хьэуа-космос зыхъумэжьныгъэм зыуэ щыт и уэхэкІэр кьыгъэрагъэщыпщ. Кьэралым и уэгур, кьащхьщІэт хъэрщащ хъумэным, абы кІэлъыплъыным теухуа Іуэхур зы унафэм щІэгъэуфэн хуейщ. Авиабазэ ину зыбжанэ кьызэгъэпэщащэ, кьаруэхэр нэхъыфІу зэпыщІа хъунущ, - кьыхэгъэщащ Медведевым.

Абы щыгъуэми жиІащ ПВО-р дэ европэ щынагъуэщагъэм дызэрыхэтым и дызэрыхэмытым тещІыхьауэ зэтраухуэн зэрыхуейр.

- ЗэхъуэкІыныгъэ шкэр щедгъэкІуэкІащ Камчаткэм щыІэ гарнизон зыбжанэм. Абыхэ кьытпэщытщ апхуэдэ Іуэхуэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм и нэгъуэщІ щІыналъэхэми щызэфІдгъэкІыну, - кьыхигъэщхьэхуІащ Президентым.

ЗауэлІхэм я щыІэкІэ-псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ, Медведевым жиІаэм зэтещІыхьмэ, абы теухуа унафэ псори кьащтащ. Президентым ягу кьигъэкІыжащ кьыкІэлъыкІуэ гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу зэІэ кІуды-кІыщІэхэм я Іэрыхьэ ахьыпэм хуэдизкІэ зэрыхагъэхьэнуер. Дзэм кІудыкІэу щызыщІахэм я пенсионэр ику ягу дэкІуеиныгъ хуэдэ 1,6-кІэ. Президентым министерствэм и унафэщІым жриІащ дзэм кІудыкІуэ фІыуэ зэрыщищІэм кьыхэмІыу улахуэм хущІагъуныр кьызэзыгъэпэщ Іэмалхэр зэхалъхьэну.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министр Сердюков Анатолий тепсэлъыхьащ армэм бгэжІа илъэсым реформэр зэрыщкІэуэжІа щІыкІэм. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьауэ, Іэщэфащэу ядыгъуэ процент 50-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Апхуэдизкі Іэ нэхъ мащІэ хъуащ дзэ кІудыкІэм зыпыІэзыдз щІалэгъуалэрэ.

- АрцІхэкІэ иджыри щыІэщ коррупцэм, нарконтикэм, дзэпкъхэм я зэхущытыкІэхэм егъэщІыпІауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэр, - зиумысжащ Сердюков. Пэжщ, мыбдеж абы кьыхигъэщхьэхуКІащ армэм хабзэхэр нэхъ зэрыщагъэткІияр.

- Ныбжьыщ1эхэм я зэхущытыкІэ кьемызэгъэзэн я мызакъуэу, коррупцэм пщІэтын хуейщ. Абы мыхьэнэ ин иІэщ: зи гугъу тщІы щІэпхъаджагъэхэм дзэ кІудыкІэр ягъэпуд, - жиІащ Медведевым. Абы кьигъэуващ Прокурор нэхъыщхьэм и гъусэу зыхъумэжьныгъэмкІэ министрым мы Іуэхум теухуауэ зэрэдмэхэр кьыхалъхьэну.

Сердюков Президентым зыхуигъэзащ ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм еным итъэщІэ дзэжьыгъэм кьемыгъэщІыпІауэ иІэ мылъкур щІынатъэхэмрэ муниципалитетэхэм иратыну елъэІуу.

- Мы Іуэхур зэфІэгъэкІын хуейщ хъжьвакъэжьышхэм мылъкур зрамылъэфаліэу, ар Іисраф мыхьэу. Мылъкур ептмэ, абыи и зэхуэдитІыр зашІэу кІудзинкІэ хъунущ. Арышшами, иужьрей илъэхэм дэ куэд тэщІэкІащ, - жиІащ Президентым.

КРИВЯКИНЭ Елен, *«Комсомольская правда».*

**Еджагъэшхуэ гуэрхэм хуагъэфащэ Ленинракан кьыщыхъуауэ щыта насыпыншагъэм Кавказ Ищхъэрэм кьыщытригъэзэжьынкІэ хъуну.**

### Къуршыщхьэхэм яхуэгъэза удын

ЯПОНИЕМ щІыр щыхъеи нэужь, дунейм и щІыпІэ псоми щыпсэу цІыхуэхэр егупсащ: пщэдей ди дежи апхуэдэ кьыщымыхьуну пІэрэ? Журналистхэм зыхуагъэзащ щІы мастер зыдэм профессорхэм. Ди газетми закьыкІэ ригъэхуакъым. ЩІэныгъэхэмкІэ академием и къуэкІыпІэ жыжьэ къудамэм и Хы хуэм институтым и Іэщ1агъэлІ Абрамов Валерий илъэс 14 и пэкІэ жиІауэ щытащ Японием щыр къаруушхэу иІэу зэрыщыхьеинур. Иджы абы хуегъэфащэ Кавказми апхуэдэ кьыщыхъуну.

- Сэ тесІауэ жьывмыІэ. Арышшами, языныкъуэ журналистхэу ятхакІэщ сэ Кавказ Ищхъэрэм щыр щыхъеину жысІа хуэдэу. Цыхуэхэр гъэгуфІэн хуейкъым, - къэлъэІуащ Абрамовыр «КП»-м и корреспондентым. - Сэ си хуэгъэфэщэныгъэ псори пІатъэ Мыкъыбэ тещІыхьащ. Кавказыр сейсмологие и лъэныкъуэкІэ сыт щыгъуи щынагъуэ здэщыІэ щІыналъэщ. Мыбы кьыщытригъэзэжьынкІэ хъунущ 1988 гъэм Спитак кьыщыхъуам хуэдэ насыпыншагъэм (абы щыгъуэм цІыху мин 25-рэ зэкІуэдауэ щытащ - **авт.**), ауэ сэ зи гугъу сщІыр зэман гъэнэгъуркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ Спитак зы дерси кьыхэтхакъым. Кавказым ухуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэм кьыхэрэзэгъыр кьыщамыльытэу. Абы сейсмологие Іуэхуэр щІегъэхуаб жьэ, щІыр хъеІмэ, кьэхуну зэхэкъутэнигъэхэм зарегъэбгъу.

Академым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, щІыр щыхъеину зэманыр зэзыгъэщІну хуейхэм академием и къуэкІыпІэ жыжьэ къудамэм зыхуагаазэ хъунущ. Ауэ абы зэкІэ зы упщІи Іэрыхьакъым.

Абрамовым апхуэдэу щІыгъужащ щІыр хъеІмэ, удын нэхъыщхьэр Кавказ къуршыщхьэхэм хуэзэну, Ставрополь крайм ар машІэу фІэкІа кьыльэпсыІэсыну зэрыхуэнгъэфащэр.

### Ар пэж?

АРЩХЬЭКІЭ еджагъэшхэр абы и лъэныкъуэкІэ зэгурыІуэрэ. Псалъэм и хъэтыркІэ, зэгуэр СССР-м и Министрхэм я Советым и дежи Гендзенемрэ кар тоГрафиемкІэ щыІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІу щыта Ященкэ Виктор кьелъытэ Урысейм и кьалэхэу сейсмологие лъэныкъуэкІэ нэхъ шинагъуэ и зэдэщІ. Іэхэм Ставрополь щыщщ.

- Урысейм и сейсмологие картэм кьыщыгъэльэгъащ Ставрополь тепІъэ шинагъуэ зиІэ щІыналъэу зэрыщытыр. Абы кьокІ зы илъэсым мыбы щІым миллиметрэ 8-кІэ зыщІІэту. Апхуэдизкі Іэ 1988 гъэм щІыр къаруушхэкІэ щІыхьэ Іенинакан, - жеІэ Ященкэ. - Щым зыкьыщиІэтым и дежи гуванищІэхами, абы зиІэныщІэнущ. 1971 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м Ставрополь щІыр щІыхьеІэу щытащ балли 8 и кьаруу. Іэмэпсымэхэм кьагъэлъагъэ Ставрополь и щІалэм ткІиигъем зэрыщыхьэхуэр. Абы ещхь Іуэхуэр щоиуащ. 1970 гъэм щІыр зэхуэлейсызыпэ ин кьиІэу щыхьея Дагъыстанми. Абы 1999 гъэм щІыщыІэм и 31-м кьыщытригъэзэжащ Кизилюрт.

### Пшахъуэр ядыдыІуэщ...

СПИТАК кьыщыщІа гуауэр зи Іэуэкьыр щІыр зэрыщыхьеям и захъуэкъуэм. Ар куэдкІэ нэхъ хьэпъэ ящІащ къэхъуащІэм и кьарур унэхэм зэрахуэмыІыигъам. Панелрэ чырбышхэмкІэ дращІея кьатхэр защІІэу кьыхэтещхакащ, щІыхуащІэр щІапІыпІэу. Цемент машІэ фІэкІа зыхэмылъ, пшахъуэр зэкьэбэкІ бетоныр, зэрыгурыІуэгъуэщи, махэт. Иджы ящІэхэ сыт хуэдэ? А упщІэмкІэ дэ зыхуэдгъэзащ конструкуцкор бюром унэхэмрэ псэупІэхэмрэ я Іэщ1агъэлІ Ивлев Леонид.

- 2000 гъэр кьэсыху Ставрополь унэхэр щаухуащ сейсмологие шинагъэр кьамылъэтэу. Ахэр зи гугъу тщІы къэхъуакъащІэм пэщІэтыфыщІ, - щІыхьэт техъуащ Іэщ1агъэлІыр.

Нэхъ щхьэтеуэ жыпІэмэ, Ставрополь щаухуа панель унэхэр щІыр къаруушхэкІэ щІыхьеІ Іенинакан, - жеІэ Ященкэ. - Щым зыкьыщиІэтым и дежи гуванищІэхами, абы зиІэныщІэнущ. 1971 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м Ставрополь щІыр щІыхьеІэу щытащ балли 8 и къаруу. Іэмэпсымэхэм кьагъэлъагъэ Ставрополь и щІалэм ткІиигъем зэрыщыхьэхуэр. Абы ещхь Іуэхуэр щоиуащ. 1970 гъэм щІыр зэхуэлейсызыпэ ин кьиІэу щыхьея Дагъыстанми. Абы 1999 гъэм щІыщыІэм и 31-м кьыщытригъэзэжащ Кизилюрт.

### Пшахъуэр ядыдыІуэщ...

СПИТАК кьыщыщІа гуауэр

*«Комсомольская правда».*

**●Ставрополь**

# Къалэм шынагъуэ къыпэплъэрэ?

**●Тутын**

# Дэ къыттогуззвыхь

**Дунейм и тутын компание ин дыдэхэу тхум Урысейм зыщагъэбыдащ. Абы тегуззвыхьу УФ-м и Президент Медведев Дмитрий зыщІыгъуэ тутынымкІэ конвенцэм и альянсым и унафэщІэм.**

А ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ и унафэщІэку Шобэ Джонрэ Хубер Лоранрэ кьагъэлъагъуэ «УФ-м и Къэрал Думэм иджыблагъэ кьыщыхалъхьа законопроектым хуабжьу зэпорегъэІпІейтэр». - Зи гугъу ящІыр «Тутыну ирафыр гъэмэщІэным и Іуэхукіэ» законымрэ «Рекламэм и Іуэхукіэ» законым зэгъэззэхуэжьынымгъэхэр хэлъхьащІыжьыгъэ. - Ди жагъуэ зэрыхъущи, - кьатх абыхэм, - а законопроектхэр зыкІи сэбэп хуэхъунукъым тутын ефэхэм я бжьыгъэ зэрыкІуэ зыкІи сэбэп хуэхъунукъым. Апхуэдэуркъым и гъэмэщІэным. Апхуэдэуркъым и щхъуэхым уэзрыпщІэтынур».

Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, дэ аргуэру «Іыькъэуэрыгъажэ кьэзыгуІупсысащ» нэгъуэщІ къэралхэм я хабзэ хъарзынэгъэр ди дежи щыдгъэзывыным и пІэкІэ.

- Зегухьэныгъэм и унафэщІэр зытегуззвыхьыр гуры-Іуэгъэуащ: ди деж я лъэр щагъэбыдащ дунейм и тутын компание нэхъыщхьэу тхум, нэгъуэщІу жьпІэмэ, псоми. Дэ ди деж тутын ефэным зэрыщыпэщІэтым елъытауэ щытынущ дунейм, псом хуэмыдэу, СНГ-м и къэралхэм, мыбы теухуауэ щащІынур, - жеІэ доиутар, политикэ щІыныгъэхэм я доктор, профессор Демин Андрей. - Ди законопроектэр зыкІи езэгъыркъым а конвенцием иГъэва мурадэм. ГъэльэпІ и къэтырІэ, абыхэм хуит ящІ тутын щащІэ, апхуэдэу щІефэ щІыпІэхэм рекламэр къыщагъэсэбэпыну. Уеблэмэ рекламэр нэсынкІи хъунущ сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, узынщагъэр хъумэным и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм. Тутыну ирафыр гъэмэщІэным теухуа законопроектым кьызэригъэпэщыркъым цІыху зэхуэсыпІэхэм а щхъуэхыр зыІуалъхьэу щамыдэныр. Ипэжьпіэкіэ абы сабий сымаджэщхэм, спорт ІэухущІапІэхэри, пэжьапІэ Іэнатіэхэри, ресторанхэри хэту тутын щефэ хъунущ щыгъэшащ. Тутын компаниехэм спонсорэхэр кьагъэсэбэп хъунущ. НэгъуэщІ къэралхэм ящыщхэм кьагурыІуэркъым сабийуэ кьалъхур апхуэдизу щымащІэ ди къэралым зи гугъу тщІы мастер тхэм ткІийуэ зэрыщыпщІэмыпыр.

Зегухьэныгъэм и унафэщІэм абы теухуауэ къатх: «Тутыным и бий хабзэхэм зыкъомкІэ я гъэмэщІэфынущ а щхъуэным кьыригъэуалІэ зэхэмрэ абы илыкІэхэмрэ. А Іуэхум тэмэму бгъэдыхьа къэралхэм тутынафэхэр нэхъ мащІэ щыхъуащ, щыхэщІащ узынщагъэр хъумэным трагъэкІуадэхэр. Дэ УФ-м и Правительствэр къыхудоджэ урысейхэр щхъуэным щызыхъумэну закон тэмэм зэхилъхьану».

Щапхъэу къэтхъ хъунущ мы Іуэхум теухуауэ Украинэм щызэфІагъэкІар. А къэралым узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм стратегие къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым тутыным кІэлъыплъымкІэ и къудамэм и унафэщІ Краковский Константин зэрыжиІэмкІэ, а щхъуэным жыджэру зэрыпэщІэувэрэ блэкІа илъэситхум тутын ефэхэм я бжьыгъэ къэралым хуабжьу нэхъ мащІэ щыхъуащ, 2005 гъэм къэралым цІыху мелуан 15 тутын щефэрт, 2010 гъэм зэрыхъужар мелуани 10-щ. Абы кьыкІырыкъым цІыху мелуанитхэм тутын ефэн щагъэтэжауэ. Щызыгъэтыжар цІыху мелуанитІщ, мелуанищыр лІащ.

Арщхьэкіэ дэ ди деж зэкІэ тутынрэ ткІийуэ зэрыщІэпщІэувэфырыкъым. Абы теухуа Іэжьыгъэр Урысейм кьыщызэтрагъэувыащ. Мы Іуэхур зи нэІэм щІэтыр Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэщ. Абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэр зыхуэдэр нАІуэ хъуащ: аращ зи гугъу ящІ законопроектэр зэхэзыльхьар.

**МЕЛЬНИКОВ Александр.** *«Аргументы и факты».*

**●Футбол**

# Дызыщыгугъэр

**Кавказ Ищхъэрэм и гъэсэнхэр кьэралым и командэ кьыхэхам хэту Армениемрэ Катарымрэ я футболистхэм ядэдзкІэгунущ.**

ТРЕНЕРнэхъыщхьэ Адвокат Дик хэІущІыу ищІащ 2012 гъэм Европэм футболымкІэ и чемпионатым кІуэну Іэмал иГъуэтын папщІэ Армением и командэ кьыхэхам дэджэгуну иригъэблэгъа щІалэхэм я щІэхэр (лъэныкъуитІыр гъатхэпэм и 26-м Ереван щызэхуэзэнущ). Иужькіэ урысей футболистхэр гъатхэпэм и 29-м Катарым и командэм Дохэ щыІущІэнущ. Адвокат Дик псори зэхэту футболист 20-м я щІэхэр кьриІуащ. Абы командэ кьыхэхам хигъэхьащ кавказ ищхъэрэ спортым и гъэсэныгІ - Инджылыбым и «Тотт енкэм» клубым щыщ, Ставрополь и Къэрал думэм и депутату щыта Павлюченкэ Романрэ Москва и ЦСКА-м и гуащхьэкъэмэныкъэ Дзагоев Аланрэ Осетие Ищхъэрэм кьыщыхъуа нэгъэущІ щІалитІ - Кьэзан и «Рубин»-м и гуащхьэкъэмэныкъэ Касаев Аланрэ Москва и «Динамо»-м и гуащхьэтет Габулов Владимиррэ ираджакъым.

- Ялэм и джэгукІэр зэкІэ ягу иригъэркъым, етІанэм фэб жь игъуэтащ.

Болгариием и командэ кьыхэхар гъатхэпэм и 26-м Швейцариием, и ужькІэ Кипрым я футболистхэм ядэджэгунущ. А зэІущІэхэм хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и клубхэм щыджэгу щІалищ: «Аланием» щыщ - хэу Иванитыр - Стоянобымрэ Ивановымрэ, апхуэдэу Грознэ и «Тэрчым» и гуащхьэкъэмэныкъэу Георгиев Благое. «Аланием» и гуащхьэхъуэмэ Булгару Симеон Молдавием и командэм хэту гъатхэпэм и 22-м шведхэм ядэджэгунущ. А командэ дыдэм щыщ Дудиев Аслъэн Урысейм и щІалэгъуалэ командэ кьыхэхам хэту гъатхэпэм и 26-мрэ 29-мрэ Твинеемрэ Азербайджанымрэ щыджэгунущ.

Аднуэдэу щІалэгъуалэ гупым хагъэхьащ осетин спортым и нэгъуэщІ гъэсэнитІи: «Крылья Советов» (Самарэ) и гуащхьэхъуэмэныкъэ Гаматов Аланрэ. Осетин щІалищым я гъэсэнущ Налшик и «Спартак»-м и гуащхьауэ Гъуэщокъуэ Арсен.

**БИРЮКОВ Алексей.** *«Комсомольская правда».*

**●Урысей - Тырку**

# Сыт и лъэныкъуэкІи зэгурыІуэну

**Москва къэрал Іуэху и пшэ дэлъу щыІащ Тырким и премьер-министр Эрдоган Реджеп. Урысеймрэ Тыркымрэ кууэ з эдолажьэ. Ди цІыхуэм Анталие зыщагъэпсэхуну яфІэфІщ. КъэралитІым эдащІ е этуф мыгувэу доллар мелиарди 100-м нэсынущ. Москвамрэ Анкарарэ Іэнатіэщхэмэ щыгъэдэлажьэну я мурадщ.**

МЕДВЕДЕВ Дмитрийрэ Эрдоган Реджепрэ мазхуэ псом я зэпсэлъащ. Ялэ щыкІэ унафэщІэхэм я закъуэ зэбгъэдэсащ, иужькІэ нэгъуэщІхэр гъуэз яхуэхъуащ.

Лъэныкъуэхэм гульытэщхуэ хуащІащ энергетикэм и Іэнатіэм щыІэ дзэпэжьым. Тепсэлъыхьахэщ газ зэрыкІуэ «Южный поток», щІыдагъэ зэрыкІуэ Самсун - Джейхан бжьымпхъэр уиІуэрэ-иным, Тыркым щыяпэ АЭС-р ухуэным егъэщІылІа Іуэхуэм.

Мы зэманым Тыркым и атом проектым хуэабжьу тогуэзэвыхь дунейпсо жылагъэр. Японием кьыщыхъуахэм яужькІэ іэхэр щІыпІэ зэрыщІэтыр. Зэгъуэгу ирагъэкІуэкІа пресс-конференцием Медведевымрэ Эрдоганрэ щыжаІащ АЭС-р щаухуэну щыпІэр тэмэму кьыхахэм, проектыр фІагъ иІэу зэхалъхьэмэ, зыгъэлэжьэну операторхэм я Іэщ1агъэм кууэу хащІыкІмэ, узыщІыщІынэн зэрыщымыІэр. Эрдоган и псалъэм ятепщІыхьмэ, Тыркым и АЭС-р дуней псом щынагъуэншагъэм и пщалъэ щыщІыкІ.

- Дэ апхуэдэ кьэхъуькъащІэхэм я зэранкІэ дакьыпыкІ хъунукъым зэгъуэсу дгъэзащІэ проектхэм, - жиІащ Эрдоган. - Ди къэралым хеубыдэ щІыр щыхъеиннкІэ нэхъ щынагъуэ здэщыІэ щынальэхэм. Ауэ апхуэдэ кьыщыхъункІэ хъунущ дэнэ щІыпІи.Икіи дэ зыхуеину псори длэжьынущ ди АЭС-м балли 9 зи кьаруу щІыхьэм пэщІэтыфын папщІэ.

Медведев Дмитрий кьыхэгъэщхьэхуКІащ А.Э.С-хэр щиухуэ зкІэ Урысейр щынагъуэщІагъэм и хабзэхэм ткІийуэ зэрытетыр, кьэхъукъащІэхэм я зэранкІи атом энергетикэм и зыужьынныгъэр кьызэтрагъэувыІэ зэрымыхъунур.

- Тырким инновацэхэм, уху энергъэхэм я лъэныкъуэкІэ Урысей и лэжьэгъу пажэщ. (Тырку компаниехэр жыдкэру хэтщ Сочи олимп пСэуалъэхэр щызыхуэхэм), - ягу кьыгъэкІыжащ Медведевым. - Дэ щыщІэздэлажьэфынущ инвестицэ, банк Іэнатіэхэм, металлургием.

УФ-м и Іэтащхьэм апхуэдэу жиІащ Урысеймрэ Тырку мрэ туристхэмкІэ ку зэду зэрыщІэхъуажэр. Нэгъабэ Тырким щыІащ Урысейм и цІыху мелуани 3, мы гъэм а бжьыгъэр мелуани 4-м нэсынущ. Апхуэдэ щыкІэкІэ ди цІыхуэхэр Тыркым щынэхъыбэнущ хабзэ яхуэхъуауэ а кьаралым зыщыщынэхэр зэхуэ нэхъыбэ нэхъыф. Абы щхьэпэнущ кьаралитІым я щІыхуэхэр зэкІэлъыкІуэным теухуа нотэхэмкІэ Урысеймрэ Тырк умрэ зэрыщІэхуэжкар. Абы и пэжьапІэкІэ кьокІ кьэралитІым я щІыхуэхэр виІэзэнщІу зэкІэ лъыкІуну.

Лъэныкъуэхэм апхуэдэу Іэ тредзащ БГТРК-мрэ ТРТ («Тырк радиомэ» телевидеоэмрэ») корпорацэмрэ зэдзлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм, зыззэхащІыкІыным, жылагъуэм и урысей - тырку форумым лэжьыгъэр зыхуэдэным теухуа зэгурыІуэныгъэхэм.

ЗэрыщІэныбжьэгъум и нэщэнэу уващ Медведевымрэ Эрдоганрэ фэепль тыгъэхэмкІэ зэрыщІэхъужар. Премьерым Президентым кьритащ Урысеймрэ Тыркымрэ зэныбжьэгъунымкІи зэкъуэшынымкІи теухуа зэгурыІуэныгъэ зэрыщІэращІыІэрэ зэрыщІэращІыІэрэ ялъэ 90 зэрыркъуэм и щыдагъэкІа фэепль маркэр.

**ФАРИЗОВЭ Сюзанн.** *«Известия».*

**●Щыдагъэ**

# Зэи хуэмыдэу

**Японием кьыщыхъуахэм я Іуэхку щытынущ щыдагъэ барреллым и уасэр доллар 200-м нэскІэ зэрыщэкІуеинур. Илъэс кьудкІи доллар 90 - 100-м нэхърэ нэхъ машІэнукъым, - жиІащ УФ-м финансэмкІэ и министр Кудрин Алексей.**

БЮДЖЕТЫР ахьшэ зэхуэсыкъуэнукъым, арщхьэкІэ хэхъущхуэ дыдэхэм инфляцэр ирахужьэнущ, тэмэму эзтемыхуэа ди экономикэр зэхагъэззрыхьынущ, щІагъэж Іэщ1агъэлІхэм.

Щыдагъэр зымащІэкІэ нэхъ пуд хьуащ Японием псыдзэ щІэуа нэужь. Уныщащ, абы и заводхэр гъэсэныпхъэ хуеиж: кьыщыхъуахэм я щІыр щыпІытщ и экономикэр зэфІигъэувэ жыну. Абы папщІэ мылькушхуэкІэ эщІагъэуІуэн хуей хъунущ. Ар заищІэу кьагъэсэбэпынущ сондэджэрэ, зи барреллыр доллари 150 - 200 и уасэкІэ хъунущ, жеІэ министрым.

- США-р инфляцэм зэрыІыгъыпэ доллаРым и кьаРум зэрыхэхъуэжьауэ щІэгъэнэ зэрыгъэкІуэтынур, ильэс гъунэгъуэм баррелыр доллар 90 - 100 нэхъ нэхъ пуд хъуну кьыщІэкІынукъым.

«Рик ом Трат» ИК-м щыІ Абелев Олеги кьелыытэ зы мазэ-мазитІ нэхъ дэмыкІыу щыдагъэм и уасэр дэкІуеину. Апхуэдэу щыгъунущ ильэс ныкъуэкІэ. Иужькіи нэхъ пуд щІэхъуэжьынущ щхьэусыгъуэри щыІэкъым: щыдагъэр кьыщІапшыр нэхъ мащІэщ, ауэ кьэзыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэм хохьуэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы ижь урысей бензиным кьыщІихунущ. Ауэ мыбы зы тельыджэ хэльщ.

- Щыдагъэр апхуэдизу лъапІэ хъуэ, АИ-95 лІэужьыгъуэр сом 32-рэ, АИ-92-р сом 30 хуэдиз я уасэн хуейщ, - хуегъэфащэ Абелевым. Арщхьэкіэ Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущ1апІэм гъэсыныпхъэ зыщхэр кьыжьэдкІыжьыщ.

